

# Ngindung ka Basa Indung

Dede Kosasih\*

Mupunjung indung katut basana, wajib hukumna. Mun teu kitu téh asa abong teuing, kawas nu bijil tina beulah batu baé.

Demi basa nu bijil ti hiji indung téh kapan sasat anu mimiti karékam ku uteuk orok. Geura wé ti mimiti "hao hakeng" nepi ka mangsa "kembang buruan", malah nepi ka bisa galécokna, laju nepi ka gunem catur jeung indung bapana, hariweusweus jeung pada batur ulinna, éta téh kapan jasa indung. Nya merenah pisan tumarima, "Hatur nuhun, indung!"

Indung mah teu weléh 'niup-niup' bari jeung teu kendat-kendat narékahana sangkan bisa nyarita. Cacak lamun indung teu ngajar nyarita, weu palias boa-boa budak téh pireu, paling copélna telat nyarita.

Dina ieu bulan (unggal tanggal 21 Pebruari) sakumna pangeusi dunya obyag miéling basa Indung Internasional (*Mother Tongue Day*). Nya itung-itung mulang tarima kana jasa indung, ulah ngan ukur mieling tapi kudu jeung prakna singkil tur digunakeun dina hirup kumbuh sapopoé. Basa indung urang Sunda nya basa Sunda. Kitu deui basa indung urang Jawa nya basa Jawa. Malah urang Inggris nu basana jadi basa Internasional, apan bogaeun basa indung nu disebut, "mother tongue" téa.

\*\*\*

Boga indung téh urang Sunda. Minangka tawis gumati kana jasa indung, rék jeung dulur, jeung mitoha, jeung anak katut tatangga deuih kuring mah sok ngeukeuhan baé maké jeung 'muka' caritaan ku basa Sunda. Geuning najan tatanggana lain urang Sunda (komo nu geus lila mukim) maranéhna mah sok maksakeun marilu aub, najan bari titatarajong atawa dicampur lebah nyaritana. Hih da tara jadi halangan. Umumna maranéhna téh ngarti naon maksud nu ku urang diucapkeun téh. Samalah, aya kalana basa Sundana maranéhna leuwih bérés jeung leuwih alus batan urang. Boa maranéhna lantaran ngarumasakeun hirup, nginum, dahar-paké, jeung meunang batur hirup di tatar Sunda, da dina galeuh-galeuhna manusa mah (minangka mahluk sosial) sok hayang 'diaku' salaku anggota éta komunitas. Apan urang gé heg ngumbara ka Aceh, upamana, sok jorojoy baé hayang bisa kana basa katut budayana, panggangna sangkan euweuh nu ngaheureuyan atawa nu nipi.

Naha urang bet kudu maké basa Sunda? Kapan maké basa mah cenah hak séwang-séwangan taya nu maksa. Basa mah teu meuli ieu. Enya cékéng gé taya nu maksa, rék Jawa, rék Batak, rék Malayu, rék Mandarin, rék Inggris, nu penting mah éta omongan kaharti ku sasama. Ngan meureun, salila cicing jeung satungtung nyeuseup aci-acining bumi ki Sunda, meureun paké wé heula nu aya, pupusti heula nu nyampak. Montong tipoporosé ngarawélan nu jauh. Ulah cul dogdog tinggal igel. Lain egois, lain rék ngagugulukeun primordialisme atawa sukuisme. Mungguh tina jihat sosiologis mah disebut *etnosentrís* téa, bener aing henteu batur. Boa-boa batur ge meureun di lemburna mah moal teu kitu.

Atuda keur sakuringeun, lamun nyarita maké basa Sunda asa karasa teleb jeung karasa antebna. Ngadéngékeun biantara atawa hutbah (jum'ah), asa téembrés, nyerep kana mamaras. Atuh lebah nyarékan, bet karasa nenggelna. Sugema haté téh. Bet asa budal kabéh saniskara kakeuheul mun maké basa Sunda téh. Kitu deui lebah ngimpi. Mun sakalieun pareng nyaba héng ngimpi boh di *Jakarta*, di *Padang*, ngendong di *London*, meuting di *Braunschweig*, boh keur pules di *Marseilles* hih angger wé satia ku basa Sunda. Da enya atuh, rarasaan mah asa tara pangangguran basa impian téh kasilih ku basa sejen. Kitu deui, lebah ngalamun di lembur batur asa genah jeung leleb -najan bari hayang bisa basana- nya léokna teu ka mana deui nya ku basa Sunda. Da éta meureun basa nu sasatna nyantong jeung marengan dina unggal rénghap jeung unggal réngkak.

Matak sakapeung mah sok hareugeueun jeung mangharianeunkeun mun pareng ngabandungan hiji budak nu kakara bisa nyarita sasat "dipaksa" ku indung-bapanana, héng diwewelan ku basa nu lain basa indungna. Pajah téh melang. Inggris budak tinggaleun pangajaranana, temahna bakal telat mikir alias bodo di sakolana. Bawirasa éta *statement* téh gagabah kacida.

*Didugikeun dina gempungan "Ngahudang Kareueus jeung Ngawanohékeun Basa Indung Basa Sunda di SMAN 1 Cimalaka Sumedang, dina raraga: "Miéling Basa Indung Sadunya" ping 27 Pebruari 2010.*

Nepi ka danget ieu can aya hiji panalungtikan ogé anu nétélakeun kalawan pasti yén kasangtukang budak anu tinggaleun atawa bodo di sakola téh gara-gara ku basa indungna. Malah henteu kurang-kurang anu nyongcolang lantaran geus ngalemah jeung boga adeg-adeg anu kuat ngeunaan basa indungna, tur jaradi tokoh. Geura wé bandungan kumaha nenggang jeung moyanna pribadi: Prof. Doddy TA (alm), Ajip Rosidi, Kuntowidjojo (alm), Emha A. Najib. A.A Navis, Ali Sadikin jrrd., aranjeunna téh kapan sasat dipeuseuh jeung digedékeun ku basa indungna. Jadi, mun hantem ngagugulung karempuan, ngagugulukeun kalewang moal aya tungtungna.

Ras deui ka nu "ngawewelan" budak téa, sidik pisan indung bapana téh meleg-meleg pituin urang Sunda. Bet ku kaniaya. Bari dina émpronan mah deuih basa Indonesia nu "diwewelkeunana" téh kadéngéna bet ningnang (teu ninggang kana kekecrék) lantaran teu ka ditu teu ka dieu. Geura wé, naha ieu téh basa Indonesia atawa lain, "*Ade sekarang harus tidur yah! Kan pagina harus sekolah, kalo telat bobo nanti kesiangan!*" Deuleu étah, nepi ka kitunal Nya ulah anéh lamun basa éta budak nepi ka gede jadi acak-acakan lantaran teu napak ka ditu ka dieu. Basa Sunda sanés, basa Indonesia lain.

Kuring ukur nyenghél. Bet ras inget kana heureuyna Kang Adang S. pajah téh:

*"Tengah malam luwang-liwung, selagi nyenyak-nyenyaknya tidur, saya kaget bukan alang kepalang sampai bangun tibuburanyat karena mendengar anjing ragég di depan rumah. Saya tidak tahu persis kira-kira berapa satu (maksudna:sabaraha hiji) anjingnya pada saat itu.*

*Karena kaluman oleh ragégnya, saya ke luar. Sambil ngeteyep, anjing yang lagi ragég téh saya paléngpéng pake batu. Gaik.....gaik..... Hag, puas siyah! Anjing-anjing teh pada lari sampai mancawura. Anjing yang kena oleh pamalédog téh kesakitan. Cuma anéh oleh sebuntut (seekor) anjing, sepertinya tidak merasa ketakutan. Bet nyanggéréng, kayak ngaléléwé dan nangtang. Nyel saja, saya merasa dilecehkan oleh anjing itu. Tidak antaparah lagi saya langsung kejar itu si anjing....Melihat mau dikejar, si anjing itupun ngagilek karena ketakutan dan langsung lari. Éh, bet tidak disangka-sangka kaki saya tikudawet pada akar pohon, karena tidak melihat pada tincakeun. Gebut wéh saya jatuh, sampai tidak ingat di bumi alam. .... Hati saya begitu medenghel karena punya niat tidak tercumponi hé hé hé..... Semaruknya!*

\*\*\*

Basa téh dina seuseuhanana bakal ngagambarkeun pola pikir nu makéna. Bérés basana tangtu bakal bérés cara mikirna. Lamun ramijud atawa pasiksak basana, wayahna ulah nyalahkeun barudak. Nu kudu ditalek mah indung bapana. Indung bapana sawadina kudu napakkeun heula adeg-adeg basa jeung tatakrama basa indungna ka diri budak anu rohaka. Keun engke ogé basa Indonesia mah pasti barisaeun, pasti palinter. Malah ka dituna mah (sanggeus kuat sisindekelanana) éta budak téh sina beunta, sina ludeung diajar tur paséhat kana basa Asing.

Da indung bapana nu sadar jeung iceus mah geus taki-taki, pasang kuda-kuda. Kapan teu kurang-kurang sabudereun budak téh kiwari mah sasatna ditingker (sakitu rosana méh ti unggal madhab) tur didereded ku rupa-rupa media informasi boh tulis boh elektronik, nu lain basa indungna. Temahna budak téh teu bisa manggapulia. Memang kitu kanyataanana.

Deudeuh teuing basa indung, basa Sunda bet dipépéhék ku urang Sundana sorangan. Ah urang Sunda nu sundel éta mah, nu poho kana purwadaksina, nu poho kana wiwitán téa.

Muga-muga baé basa Sunda tetep hirup bari hurip. Napak dina lemahna. Basa sarakan nu dalit matrikeun pancakaki. Landes duduluran, handap asor. Insya Alloh moal nepi ka pabéntar jeung étnis mana waé ogé. Basa Sunda nu gulangkep jeung tatakramana éstuning matak awor ngaraketkeun bangsa. Jampéna, urang Sundana sing nyunda, insya Alloh basa indungna moal nepi ka carem. Cag!\*\*\*

tina Majalah **Manglé** No. 2045

\*DÉDÉ KOSASIH lahir di Bandung, 26 Juli 1963. Ti leuleutik dirorok ku Nini jeung Aki di desa Legok kacamatan Paseh, bari namatkeun sakola ti SD nepi ka SMA (SMPP tamat 83) di Sumedang. Sabada nincak paguron luhur (IKIP Bandung) taun 1983, kakara ngariung deui jeung kolot katut dulur-dulur di Bandung. Mimiti kuliah téh di Jurusan bahasa Jerman FPBS IKIP Bandung meunang 2 taun, teu betah, tuluy pindah ka Jurusan Basa Sunda (1985).

Pangalaman-pangalaman nalaktak jeung jarambah sasatna dihucuhkeun ku nu jadi nini jeung aki di lembur, bangsaning: manggul sundung, marak, moro, ngala kasir, ngala kamomonong (pituraéseun), ngadu panggal, kokolécéran, jsté. Keur jadi mahasiswa kénéh (ku pangjeujeuh Drs. H. Karna Yudibrata & Drs. H Achlan Husén) kungsi ngalanglang buana ka luar negri (Eropa); Jérman, Belgia, Perancis jeung ka Inggris bari ambarikut ngéngélék Angklung (KABUMI) dina taun 1986 jeung taun 1988. Ceuk basa légérgna mah ngadon *performing art* di dituna téh.

Hatam kuliah di Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah (Sunda) FPBS IKIP (1989). Ti harita langsung mancén gawé jadi Staf Pengajar (dosen) di Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah nepi ka ayeuna. Mata kuliah nu dikokolakeunana nyaéta: Kajian Budaya Sunda jeung Folklor. Ngaréngékeun Magister (S2) dina Ilmu Sosial BKU Sosiologi-Antropologi UNPAD (2003).

Minangka lapak lian ti jadi dosén, pangpangna keur ngabanjel-banjel sangkan dapur terus ngebul, kungsi ngajar di SMP Pertiwi Dayeuh Kolot (1988-89), SMPK Penabur IV Bandung (1989-1991), SMP St.Aloysius Bandung (1993 nepi ka taun 1998). Kiwari ngajar Basa jeung Sastra Sunda katut Pangajaranana di PGSD UPI kampus Tasikmalaya. Dibawa jarambah ku Universitas Terbuka (UT) pikeun ngajar *Materi & Pembelajaran Bahasa Indonesia di SD, Dasar Keterampilan Menulis jeung Tehnik Menulis Karya Ilmiah* di sawatara tempat (Kabupaten/Kota di Jawa Barat) nepi ka ayeuna. Ngajar mata kuliah *Sosiologi Antropologi* di Program Studi Psikologi FIP UPI. Kungsi jadi Sekretaris Program Studi Magister (S2) Manajemen Pendidikan (MMPd.) di UIA (Universitas Islam As-Syafi'iyah) Jakarta (taun 2005-2008).

Mindeng ngalaksanakeun rupa-rupa kagiatan kayaning: jadi narasumber dina acara Golémpang (Bandung TV); jadi panyatur (pangjejer) dina sawatara: seminar, *Lesson study* dan workshop; aktif dina kepanitiaan, saperti: Konferensi Internasional Budaya Sunda (KIBS) 2001, Kongrés Basa Sunda (KBS) VI 1993 di Bandung, KBS VII 2001 di Garut jeung KBS VIII di Subang, Forum Sastra dan Budaya (2003) di UPI, Cessa (2004) UPI, Seminar Internasional Hari Basa Ibu, 2010.

Buku nu geus ditulis tur sumebar di sawatara SMA/SMK/MA di Jawa Barat nyaéta *Santika Basa Sunda*, buku ajangkeuneun murid SMA/SMK/MA (king Q laban Press, 2007), *Makaya Basa* keur mahasiswa jeung umum (*KingQlaban* 2007). Tulisan-tulisan (mangrupa artikel budaya) sumebar dina koran jeung majalah kayaning: *Cupumanik*, *Manglé* jeung *Pikiran Rakyat*. Karya-karya ilmiahna minangka hasil panalungtikan dimuat dina Jurnal Mimbar FPBS UPI jeung Jurnal Sundalana seri Pustaka Sunda, Penerbit Pustaka Jaya.